

Kontinye aprann pandan ete sa a avèk liv elektwonik (e-book) gratis ak resous aprantisaj pou tout elèv NYC!



Sora se yon aplikasyon pou lekti (eReader app) fasil pou itilize ki pèmèt elèv K-12yèm ane gen aksè nan e-book ak nan liv odyo nan fòm dijital. Ete sa a, elèv lekòl leta NYC pral gen aksè atravè Sora nan plizyè santèn tit liv ki enteresan. Lektè yo ka dekouvri e-book ak liv odyo fòm dijital dapre nivo klas yo nan divès lang senpleman si w antre (logging) nan [kont elèv DOE w](#). App Sora a disponib sou iPad DOE bay yo epi ou ka telechaje (download) li sou nenpòt aparèy ki gen entènèt oswa si w ale nan [Sitwèb Sora a](#). Gade eksplikasyon yo nan [discoversora.com/nyc](#) pou kòmanse avèk Sora!



Sistèm bibliyotèk lekòl Vil Nouyòk la gen yon koleksyon eBook fiksyon ak liv non-fiksyon pou K-12yèm ane. Ale sou <https://galepages.com/nycdoe11/ebooks> pou wè tout koleksyon an. Pou w gen aksè nan eBook, tanpri voye yon imèl nan libraries@schools.nyc.gov pou w resevwa yon modpas.



NOVELny (New York Online Virtual Electronic Library) gen bazdone pou rechèch elèv ka itilize 24 èdtan pa jou, sèt jou pa semèn. NOVELny pa egzije pou gen enfòmasyon *log in* pou w ka gen aksè ladan nan eta Nouyòk. Bazdone a gen ladan tèks, jounal ak magazin, resous nan lang panyòl, sous prensipal, ansanm ak ansiklopedi. Ale sou <https://galepages.com/nycdoe11> pou wè lis bazdone yo okonplè. Pou w gen aksè nan bazdone a lè w pa Nouyòk, tanpri voye yon imèl nan libraries@schools.nyc.gov pou w resevwa yon modpas. Tanpri sonje kèk nan resous sa yo se pa nou ki kreye yo epi yo ka disponib nan lang anglè sèlman.